

BAB III

MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar (1) desain panalungtikan, (2) sumber data panalungtikan, (3) instrumén panalungtikan, (4) prosedur panalungtikan, (5) téhnik ngumpulkeun data, (6) téhnik ngolah data, jeung (7) uji sipat data.

3.1 Desain Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan digunakeun pamarekan kuantitatif kalawan ngagunakeun métodeu kuasi ékspérimén. Métodeu kuasi ékspérimén atawa disebut ogé ékspérimén semu, nyaéta hiji panalungtikan ngagunakeun kelas ékspérimén kalawan henteu maké kelas kontrol (Nazir, 2014, kc. 73). Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 123) métode kuasi ékspérimén dibagi jadi tilu rupa, nyaéta 1) *one shot case study*, 2) *pre-test and post-test*, jeung 3) *static group comparison*.

Desain anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta *pre-test* jeung *post-test*. Ieu panalungtikan dilakukeun ku cara méré *pre-test* anu tuluy dibéré *treatment* sangkan ngalatih kamampuh siswa dina pangajaran dongéng kalayan ngagunakeun stratégi pangajaran SQ3R, anu satuluyna dilakukeun *post-test*. Desainna saperti ieu di handap.

Tabél 3.1

Desain Panalungtikan

O1	X	O2
-----------	----------	-----------

Arikunto (2013, kc. 124)

Keterangan:

O1 : *pre-test* saméméh dibéré *treatment*

O2 : *post-test* sabada dibéré *treatment*

X : *treatment* (stratégi pangajaran SQ3R).

WINDI BUDI GUSDIANI, 2019

STRATÉGI PANGAJARAN SQ3R (SURVEY, QUESTION, READ, RECITE REVIEW) PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH MACA DONGÉNG (Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII-A SMP Indonesia Raya Bandung Taun Ajar 2018/2019)

Univeristas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.2 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta kamampuh maca dongéng ngagunakeun stratégi pangajaran SQ3R siswa kelas VII-A SMP Indonesia Raya Bandung taun ajar 2018/2019. Kalayan jumlahna 31 siswa, anu ngawengku 15 siswa lalaki jeung 16 siswa awéwé.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta alat atawa fasilitas anu dipaké ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data sangkan anu dipigawé leuwih gampang sarta hasilna leuwih bener, lengkep jeung sistematis, sangkan datana gampang diolah (Arikunto, 2013, kc. 203).

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tés maca dongéng, dina prak-prakana panalungtikan baris dilaksanakeun dua kali tés nyaéta tés awal (*pre-test*) jeung tés ahir (*post-test*) anu fungsina pikeun mikanyaho pangaweruh siswa kelas VII-A SMP Indonesia Raya Bandung, saméméh ngagunakeun stratégi pangajaran SQ3R jeung sabada diajar ngagunakeun stratégi pangajaran SQ3R.

Instrumén tés anu ditugaskeun pikeun siswa dina ieu panalungtikan nyaéta *pre-test* jeung *post-test*. Sanggeus dilaksanakeun *pre-test*, kagiatan satuluyna nyaéta guru méré *treatment* atawa *perlakuan* dina ngajarkeun maca dongéng. *Treatment* anu dimaksud nyaéta ngagunakeun stratégi pangajaran SQ3R dina pangajaran maca dongéng. Kagiatan satuluyna nyaéta ngalaksanakeun *post-test*, kalayan ngagunakeun instrumén saperti ieu di handap.

Tabél 3.2
Soal Unjuk Kerja *Pre-test*

Soal *Pre-test*

1. Pék baca téks dongéng ieu di handap dina jero haté, sing tenget!
2. Sanggeus bérés, pék caritakeun deui ku basa sorangan di hareupeun kelas!

SI KABAYAN MORO UNCAL

Isuk kénéh Si Kabayan jeung mitohana geus harudang, lantaran poé éta rayahat rék moro uncal. Urang kampung geus saraged, maké calana sontog, samping dibeubeurkeun kana cangkéng, bedog panjang nyolégréng. Sawaréh marawa tumbak. Anjing ragég geus hayangeun geura ngudag boroan ka leuweung. Nénjo batur saraged téh Si Kabayan mah teu ieu kapangaruhan. Manéhna mah ngaléléké, maké sarung dikongkoyangkeun. Batur-batur marawa bedog, manéhna mah kalah mawa péso raut. “Keur naon mawa péso raut, Kabayan?” tatanggana nanya. “Keur nyisit uncal,” jawabna.

Nu rék moro laju indit, tepi ka leuweung, der ngasruk. Anjing ragég ti kulon, ti kalér, ti wétan. Jalma-jalma pating corowok, anu megat ayana di belah kidul, lebah bubulak. Ari Si Kabayan misahkeun manéh, manéhna mah nangtung handapeun tangkal jambu batu bari tatanggahan, néangan jambu asak. Keur tatanggahan, gorowok anu ngagero, “Pegaat...!” Si Kabayan ngalieuk. Ari torojol téh ti jero rungkun, uncal jaluna, tandukna ranggah.

Si Kabayan can nyahoeun uncal, ceuk pangirana uncal téh sagedé anak embé. Nu matak barang nénjo sato anu siga kuda bari tandukan téh, ngan térékéll wé manéhna naék kana tangkal jambu, teu bisa luhur naékna téh da kagok ku sarung. Manéhna nangkod kana dahan panghandapna, sarungna ngoyondon. Kabeneran uncal téh lumpat ka handapeunana pisan. Si Kabayan peureum, sieuneun kaparud ku tanduk uncal anu sakitu ranggahna.

Si kabayan teu kira-kira reuwaseunana barang karasa aya anu ngabedol ti handap. Ari diténjo horéng tanduk uncal téh meulit kana sarungna. Uncal ngarengkog, tuluy babadug hayang ngalésotkeun tandukna. Kadéngé ambekanan hos-hosan. Si Kabayan beuki pageuh muntangna, uncal beuki rosa ngamukna, tapi

WINDI BUDI GUSDANI, 2019

STRATÉGI PANGAJARAN SQ3R (SURVEY, QUESTION, READ, RECITE REVIEW) PIKEUN
NGARONJATKEUN KAMAMPUH MACA DONGÉNG (Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII-A SMP
Indonesia Raya Bandung Taun Ajar 2018/2019)

Univeristas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

tandukna kalah beuki pageuh kabeulit ku sarung. Si Kabayan beuki geumpeur, sepa taya getihan. “Tuluuuung....tuluunngg...., ieu aing ditubruk uncal...!” Si Kabayan gegeroan ménta tulang.

Teu lila burudul anu moro nyalampeurkeun. Nénjo uncal abrug-abrugaan téh, teu antaparrah deui belewer wé ditumbak. Uncal ngajéngjéhé. Jekok-jekok pada ngadékan tepi ka rubuhna. Uncal ngajoprak. Si Kabayan gé ngalungsar gigireunana bari rénghap ranjug. Anu ngariung uncal hélokeun, “Kumaha ditéwakna ucal sakieu badagna, Kabayan?”

Si Kabayan nangtung lalaunan bari cungar-cengir., “Ah gampang. Uncal mengpegan ka handapeun tangkal jambu, ku kuring dipegat. Barang geus deukeut, dirungkup wéh tandukna ku sarung . Tuh geuning sarungna ogé tepi ka rangsak saroéh. Geus karungkup mah teu hésé, kari marieuskeun wé tandukna.” Saréréa gogodeg. Ari Si Kabayan pada muji téh nyéréngéh wé bari ngusapan tuurna anu barared, uncal pada ngarecah. Si Kabayan ngajingjing pingping uncal bari héhéotan.

(Sumber: <http://djadja.web.id/2013/08/22/dongeng-sunda-si-kabayan-moro-uncal/> diunduh ping 03 April 2019)

Tabél 3.3

Soal Unjuk Kerja Post-test

Soal Post-test

1. Baca téks dongéng ieu di handap, jieun patalékan ngagunakeun rumus 5W+1H (naon, dimana, iraha, naha, saha jeung kumaha) ngeunaan téks dongéng anu dibaca jeung baca deui éta téks dongéng tur ngajawab patalékan anu geus dijieun saméméhna, tuluy tulis/ringkes deui éta téks dongéng ngagunakeun basa sorangan!
2. Sanggeus bérés, bacakeun éta dongéng di hareupeun kelas!

SI KABAYAN MORO UNCAL

Isuk kénéh Si Kabayan jeung mitohana geus harudang, lantaran poé éta

rayahat rék moro uncal. Urang kampung geus saraged, maké calana sontog, samping dibeubeurkeun kana cangkéng, bedog panjang nyolégréng. Sawaréh marawa tumbak. Anjing ragég geus hayangeun geura ngudag boroan ka leuweung. Nénjo batur saraged téh Si Kabayan mah teu ieu kapangaruhan. Manéhna mah ngaléléké, maké sarung dikongkoyangkeun. Batur-batur marawa bedog, manéhna mah kalah mawa péso raut. “Keur naon mawa péso raut, Kabayan?” tatanggana nanya. “Keur nyisit uncal,” jawabna.

Nu rék moro laju indit, tepi ka leuweung, der ngasruk. Anjing ragég ti kulon, ti kalér, ti wétan. Jalma-jalma pating corowok, anu megat ayana di belah kidul, lebah bubulak. Ari Si Kabayan misahkeun manéh, manéhna mah nangtung handapeun tangkal jambu batu bari tatanggahan, néangan jambu asak. Keur tatanggahan, gorowok anu ngagero, “Pegaat...!” Si Kabayan ngalieuk. Ari torojol téh ti jero rungkun, uncal jaluna, tandukna ranggah.

Si Kabayan can nyahoeun uncal, ceuk pangirana uncal téh sagedé anak embé. Nu matak barang nénjo sato anu siga kuda bari tandukan téh, ngan téréké! wé manéhna naék kana tangkal jambu, teu bisa luhur naékna téh da kagok ku sarung. Manéhna nangkod kana dahan panghandapna, sarungna ngoyondon. Kabeneran uncal téh lumpat ka handapeunana pisan. Si Kabayan peureum, sieuneun kaparud ku tanduk uncal anu sakitu ranggahna.

Si kabayan teu kira-kira reuwaseunana barang karasa aya anu ngabedol ti handap. Ari diténjo horéng tanduk uncal téh meulit kana sarungna. Uncal ngarengkog, tuluy babadug hayang ngalésotkeun tandukna. Kadéngé ambekanan hos-hosan. Si Kabayan beuki pageuh muntangna, uncal beuki rosa ngamukna, tapi tandukna kalah beuki pageuh kabeulit ku sarung. Si Kabayan beuki geumpeur, sepa taya getihan. “Tuluuuung...tuluunngg..., ieu aing ditubruk uncal...!” Si Kabayan gegeroan ménta tulung.

Teu lila burudul anu moro nyalampeurkeun. Nénjo uncal abrug-abrugan téh, teu antarah deui belewer wé ditumbak. Uncal ngajéngjéhé. Jekok-jekok pada ngadékan tepi ka rubuhna. Uncal ngajoprak. Si Kabayan gé ngalungsar gigireunana bari rénghap ranjug. Anu ngariung uncal hélokeun. “Kumaha ditéwakna ucal sakieu badagna, Kabayan?”

Si Kabayan nangtung lalaunan bari cungar-cengir., “Ah gampang. Uncal mengpegan ka handapeun tangkal jambu, ku kuring dipegat. Barang geus deukeut, dirungkup wéh tandukna ku sarung . Tuh geuning sarungna ogé tepi ka rangsak saroéh. Geus karungkup mah teu hésé, kari marieuskeun wé tandukna.” Saréréa gogodeg. Ari Si Kabayan pada muji téh nyéréngéh wé bari ngusapan tuurna anu barared, uncal pada ngarecah. Si Kabayan ngajingjing pingping uncal bari héhéotan.

(Sumber: <http://djadja.web.id/2013/08/22/dongeng-sunda-si-kabayan-moro-uncal/> diunduh ping 03 April 2019)

Pikeun ngalengkepan tés, ku kituna disusun skala penilaian atawa skala peunteun. Skala peunteun dina umumna hampir sarua jeung daftar cék, ngan aspék anu ditalungtik atawa anu diobservasi didadarkeun kana bentuk skala atawa kritéria-kritéria anu tangtu. Data anu dikumpulkeun bakal leuwih jelas, sabab ku skala peunteun lain ngan saukur nyatet aya atawa henteuna tindakan anu tangtu, tapi ogé dimana éta tindakan muncul (Sanjaya, 2013, kc. 190-192).

Sangkan leuwih jéntré ngeunaan skala peunteun maca dongéng, kritéria meunteun ditabélkeun saperti ieu di handap.

Tabél 3.4

Kritéria Meunteun Maca Dongéng Siswa

No	Ngaran Siswa	Aspék anu dipeunteun			
		Eusi (1-5)	Lafal (1-5)	Lentong (1-5)	Éksprési (1-5)

Keterangan:

1. Eusi

Bisa ditingali tina cara nepikeun maksud eusi dongéng anu dibacakeun, dongéng bisa diregepkeun ku pangregep sacara jelas, nyangkem kana eusi téks dongéng, nepikeun dongéngna lengkep tur apal kana lalakon jeung jalan caritana.

2. Lafal

Jelasna ucapan atawa vokal dina maca dongéng penting. Sora vokal a, i, u, é, o, e jeung eu kudu jelas tujuanna pikeun anu ngaregepkeun bisa nyangking eusi dongéng anu dibacakeun.

3. Lentong

Tarik luhurna sora kudu jelas, sangkan tekenan, randegan, wirahma nalika maca dongéng kudu jelas saluyu jeung *volume* sora. *Volume* sora kudu diatur nalika maca warta nepi ka jelas kadéngéna.

4. Éksprési

Dina macakeun dongéng kudu merhatikeun réngkak pasemon anu alus tur merenah.

Dumasar kana éta aturan léngkah meunteun kamampuh siswa, skor maksimal siswa nyaéta 100. Skor anu kahontal ku siswa dirobah jadi skor ahir ngagunakeun rumus:

Pedoman Penilaian:

$$P = \frac{\sum \text{Skor Siswa}}{\sum \text{Skor Maksimal}} \times 100\%$$

(Arikunto, 2013, kc. 182)

Sanggeus meunangkeun peunteun bisa katitén kategori kamampuh siswa dina ieu tabél di handap.

Tabél 3.5

Kategori Peunteun Maca Dongéng

Peunteun	Kategori
76-100	Mampuh pisan
51-75	Mampuh
26-50	Cukup mampuh
0-25	Kurang mampuh

3.4 Prosedur Panalungtikan

Pamarekan anu dipaké nyaéta pamarekan kuantitatif anu ngagunakeun métodeu kuasi ékspérimén, desain anu dipaké nyaéta désain *pre-test and post-test group design*.

Léngkah-léngkah anu dilakukeun dina ieu panalungtikan, di antarana nyaéta ieu di handap.

a. Tahap Tatahar

Tahap tatahar mangrupa léngkah mimiti anu dilakukeun dina ieu panalungtikan, nyaéta:

- 1) ngaidéntifikasi masalah anu baris ditalungtik. Masalah bakal nangtukeun bagéan-bagéan atawa objék anu bakal ditalungtik;
- 2) néangan literatur jeung téori anu rélevan jeung masalah anu bakal ditalungtik;
- 3) ngajukeun judul proposal panalungtikan;
- 4) ngajukeun proposal panalungtikan;
- 5) ngecék karélevanan silabus jeung nyieun *Rancangan Pelaksanaan Pembelajaran (RPP)*;
- 6) ngajukeun perizinan; jeung
- 7) nyusun instrumén panalungtikan pikeun ngalaksanakeun panalungtikan ka sakola.

b. Tahap Pelaksanaan

Léngkah-léngkah dina tahap pelaksanaan nyaéta di antarana:

- 1) pelaksanaan tés awal (*pre-test*) ka siswa kelas VII-A;

WINDI BUDI GUSDIANI, 2019

STRATÉGI PANGAJARAN SQ3R (SURVEY, QUESTION, READ, RECITE REVIEW) PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH MACA DONGÉNG (Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII-A SMP Indonesia Raya Bandung Taun Ajar 2018/2019)

Univeristas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 2) ngalaksanakeun *treatment* ka siswa kelas VII-A, panalungtik ngalakukeun prosés diajar kalayan make stratégi pangajaran SQ3R; jeung
- 3) pelaksanaan tés ahir (*post-test*) ka siswa anu sarua, sangkan meunangkeun peunteun ahir sabada dibéré perlakuan (*treatment*).

c. Tahap Ngolah Data

- 1) ngumpulkeun data;
- 2) ngolah hasil awal (*pre-test*) kalawan make *software IBM SPSS Statistic version 16*;
- 3) ngolah hasil ahir (*post-test*) kalawan make *software IBM SPSS Statistic version 16*; jeung
- 4) nyusun laporan tina panalungtikan.

3.5 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik panalungtikan anu dipaké pikeun ngumpulkeun data nyaéta téhnik tés. Téhnik ngumpulkeun data (tés) dilaksanakeun saméméh jeung sabada uji coba stratégi pangajaran dina pangajaran maca dongéng. Tés awal atawa *pre-test* maksudna pikeun mikanyaho gambaran awal kamampuh siswa saméméh ngagunakeun stratégi pangajaran SQ3R. Sedengkeun tés ahir atawa *post-test* dilaksanakeun pikeun mikanyaho gambaran hasil ahir diajar siswa sabada uji coba stratégi pangajaran maca dongéng anu ngagunakeun strategi pangajaran SQ3R.

Léngkah-léngkah anu dilaksanakeun dina téhnik ngumpulkeun data ngawengku jadi lima tahapan, di antarana nyaéta:

- a) guru ngabagikeun lembaran téks dongéng *pre-test* pikeun dibaca ku siswa, tuluy siswa maca lembaran téks dongéng anu geus dibagikeun ku guru;
- b) siswa ngabacakeun pancén *pre-test* maca dongéng, sangkan mikanyaho kamampuh maca dongéng awal siswa;
- c) sanggeus mikanyaho kamampuh awal siswa ngaliwatan *pre-test*, satuluyna panalungtik ngayakeun *treatment* pikeun proses pangajaran;
- d) ngalaksanakeun prosés diajar-ngajar ngagunakeun strategi pangajaran SQ3R kana maca dongéng; jeung

e) sanggeus ngalaksanakeun pangajaran ngaliwatan stratégi pangajaran SQ3R siswa ngalaksanakeun *post-test* pikeun mikanyaho kamampuh siswa sanggeus dibéré *perlakuan*. Hasilna aya béda anu signifikan atawa henteu, bisa katitén dina babandingan nilai *pre-test* jeung *post-test* dina panalungtikan.

3.6 Téhnik Ngolah Data

Sabada data kakumpul, dilakukeun sababaraha léngkah minangka meunangkeun jawaban tina hasil data anu geus dikumpulkeun, nyaéta saperti ieu di handap.

- a) Mariksa hasil maca dongéng siswa tina hasil *pre-test* jeung *post-test*;
- b) Meunteun hasil *pre-test* jeung *post-test* maca dongéng ngagunakeun aturan anu geus ditangtukeun saperti dina tabél ieu di handap.

Tabél 3.6

Data Hasil Meunteun

NAS (1)	Aspék				Σ (6)	P (7)	Kritéria (8)
	A (2)	B (3)	C (4)	D (5)			
1							
2							
3							

Katerangan:

- (1) NAS : No Absén Siswa
- (2) A : Eusi
- (3) B : Lafal
- (4) C : Lentong
- (5) D : Éksprési
- (6) Σ : Jumlah
- (7) P : Peunteun
- (8) Kriteria

WINDI BUDI GUSDANI, 2019

STRATÉGI PANGAJARAN SQ3R (SURVEY, QUESTION, READ, RECITE REVIEW) PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH MACA DONGÉNG (Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII-A SMP Indonesia Raya Bandung Taun Ajar 2018/2019)

Univeristas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- c) Sabada meunteun, léngkah anu satuluyna nyaéta ngasupkeun data skor *pre-test* jeung *post-test* kana tabél ieu di handap.

Tabél 3.7

Format Nilai Pre-test Kamampuh Maca Dongéng

NAS	Kamampuh Awal <i>Pre-test</i>	
	P	K
Σ		
X		

Keterangan:

P : Peunteun

K : Katégori

 Σ : Jumlah

X : Rata-rata

Tabél 3.8

Format Nilai Post-test Kamampuh Maca Dongéng

NAS	Kamampuh Awal <i>Post-test</i>	
	P	K
Σ		
X		

Keterangan:

P : Peunteun

K : Katégori

 Σ : Jumlah

X : Rata-rata; jeung

WINDI BUDI GUSDANI, 2019

STRATÉGI PANGAJARAN SQ3R (SURVEY, QUESTION, READ, RECITE REVIEW) PIKEUN
 NGARONJATKEUN KAMAMPUH MACA DONGÉNG (Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII-A SMP
 Indonesia Raya Bandung Taun Ajar 2018/2019)

Univeristas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

d) Data dianalisis ngagunakeun *software IBM SPSS Statistic version 16. Statistical Product and Service Solution (SPSS)* mangrupa hiji program anu dipaké pikeun mantuan prosés ngolah, ngitung, jeung nganalisis data sacara statistik. Data input anu dianalisis nyaéta data hasil *pre-test, post-test*, jeung indéks gain anu bakal dijabarkeun dina *output* hasil analisis SPSS.

3.7 Uji Sipat Data

Uji sipat data dilakukeun sabab ayana sarat anu kudu dicumponan saméméh panalungtik nangtukeun téhnik analisis statistik. Uji sipat data dina ieu panalungtikan nyaéta uji normalitas

3.7.1 Uji Normalitas

Uji normalitas nyaéta uji sipat data anu fungsina pikeun meunangkeun hasil distribusi normal atawa henteuna data anu dipaké dina hiji panalungtikan. Sarua jeung pamadegan Sujarweni (2015, kc. 52) yén uji normalitas digunakeun pikeun mikanyaho distribusi data dina panalungtikan. Pikeun nangtukeunna nyaéta digunakeun uji *Kolmogorov-Smirnov* atawa uji sampel *Shapiro Wilk*. Anapon hipotésisna pikeun uji normalitas ieu di handap.

H_1 : Distribusi data normal

H_0 : Distribusi data teu normal

Uji normalitas dilakukeun ku cara uji *Kolmogorov-Smirnov*, ku taraf signifikan 5% ($\alpha = 0,05$). Kriteria ngujina saperti ieu di handap.

H_0 : ditarima atawa H_1 ditolak, nalika nilai sig. (signifikansi) $\leq 0,05$

H_1 : ditarima atawa H_0 ditolak, nalika nilai sig. (signifikansi) $\geq 0,05$

3.7.2 Uji Hipotésis

Ditarima atawa henteuna hipotésis ngagunakeun dua cara, nyaéta ngagunakeun uji statistik paramétrik jeung uji statistik non paramétrik (Sugiyono, 2018, kc. 150). Statistik paramétrik digunakeun nalika data anu dianalisis distribusina normal kalawan ngagunakeun uji *t-test*. Sedengkeun statistik non paramétrik digunakeun saupama data anu dianalisis distribusina teu normal kalawan ngagunakeun *Wilcoxon Match Pairs Test*.

Ditarima henteuna hipotésis dumasar kriteria saperti ieu di handap.

- 1) H_a : stratégi pangajaran SQ3R miboga pangaruh pikeun ngaronjatkeun kamampuh maca dongéng siswa kelas VII-A SMP Indonesia Raya Bandung Taun Ajar 2018/2019.
- 2) H_0 : stratégi pangajaran SQ3R henteu miboga pangaruh pikeun ngaronjatkeun kamampuh maca dongéng siswa kelas VII-A SMP Indonesia Raya Bandung Taun Ajar 2018/2019.